

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Carita rayat bakal aya salila aya masarakat anu miara kamekaranana. Miara rupa-rupa carita rayat bisa ku cara invéntarisasi, transkripsi, jeung dokuméntasi naon baé nu aya patalina jeung éta carita rayat, sangkan teu leungit.

Loba kénéh carita rayat anu can kapaluruh jeung boga poténsi bakal leungit, lantaran masarakat geus teu miara kana carita rayat nu dipimilikna, atawa nu arapal kana carita téh geus teu araya.

Di Kacamatan Cigasong masih loba kénéh carita rayat anu can kapaluruh, nu aya di unggal wewengkon, boh carita anu béda, boh nu sarua, nu biasana nuduhkeun asal-muasal ngaran hiji patempatan atawa hiji lembur. Tapi teu nutup kamungkinan aya carita rayat dina wangun anu béda, upamana baé ngeunaan carita tokoh anu dianggap sakral, luhur élmuna, wijaksana, jrrd.

Rupa-rupa carita rayat anu aya di Kacamatan Cigasong téh bisa leungit, salah sahijina ku pajamanan anu beuki modérn, komo deui lamun masarakat Kacamatan Cigasongna henteu miara kana carita rayat di lemburna séwang-séwangan. Rupa-rupa tarékah pikeun ngamumulé carita rayat téh nya éta salah sahijina dina widang pendidikan, ku cara diajarkeun di sakola-sakola.

Dina *Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD)*, siswa diperedih pikeun miboga kaparigelan dina ngaprésiasi sastra, salah sahijina carita rayat. Ku ayana pangajaran carita rayat dina kurikulum, dipiharep carita rayat di masarakat ayeuna bisa tetep kapiara.

Dumasar kana pamikiran di luhur, kaayan dina kagiatan diajar-ngajar dipiharep leuwih mentingkeun jeung ngagali poténsi diri, dumasar kana poténsi anu aya lingkunganna séwang-séwangan, ku cara ngajarkeun carita rayat daérahna disakola séwang-séwangan. Anu tujuanna sangkan para siswa apal kana carita rayat nu dipimilikna.

Lian ti éta, ngamumulé carita rayat anu aya di tatar Sunda ku cara diajarkeun di sakola, bisa jadi sarana pikeun miara kabeungharan sastra Sunda, sangkan ulah nepi kapopohokeun, nepi ka kasilep ku carita rayat anu sifatna nasional saperti "Malin Kundang", "Sangkuriang", "Bandung Bondowoso", "Danau Toba", jrd.

Sabagian carita rayat anu sumebar di masarakat aya anu geus ditalungtik, di antarana baé:

- 1) "Carita Rayat Kacamatan Rajagaluh pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMP", ku Sri Rahmawati (1988);
- 2) "Dongéng Rayat Kadipatén pikeun Bahan Pangajaran Bahasa Sunda di SMP Negeri 1 Kadipatén", ku Fatimah (1997);
- 3) "Inventarisasi Dongéng Rayat Kacamatan Cipunagara pikeun Bahan Pangajaran Sastra Sunda di SLTP Kacamatan Cipunagara", ku Ii Heri Hermawan (2002);

- 4) “Invéntarisasi Carita Rayat di Kacamatan Kadungora Kabupatén Garut”, ku Neni Rohaeni (2004);
- 5) “Carita Rayat Kacamatan Ciparay pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMP”, ku Sinta Iskandar (2005);
- 6) “Invéntarisasi Dongéng di Kacamatan Lembang pikeun Bahan Pangajaran di SMP”, ku Denny Indrayana Taufan (2007);
- 7) “Dongéng anu Sumebar di Kacamatan Kadudampit Kabupatén Sukabumi pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP”, ku Opih Latipah (2007); jeung
- 8) “Analisis Carita Rayat anu Aya di Kacamatan Talaga Pikeun Bahan Pangajaran di SMP”, ku Yopi Gunawan (2007).

Tina éta panalungtikan, kagambarkeun yén carita rayat nu aya di Kacamatan Cigasong mah can ditalungtik. Ku kituna carita rayat di Kacamatan Cigasong téh diinvéntarisasi jeung dianalisis unsur intrinsikna, anu tuluy bakal dijadikeun bahan pangajaran sastra di SMA. Jadi ieu panalungtikan téh dijudulan “Analisis Unsur Intrinsik Carita Rayat Kacamatan Cigasong Kabupatén Majalengka pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMA”.

Tina pamikiran di luhur, ayana ieu panalungtikan téh dianggap perlu di-upayakeun, sangkan bisa kapaluruh rupa-rupa kabeungharan budaya anu mangrupa carita rayat, nu umumna tatalépa sacara lisan, atawa nu mangrupa tulisan, nu aya di Kacamatan Cigasong, Kabupatén Majalengka, pikeun dijadikeun bahan pangajaran di sakola, hususna SMA.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Ieu panalungtikan baris diwatesanan dumasar kana unsur intrinsik, anu ngawengku téma, latar, galur, palaku, jeung amanat, dina carita rayat anu aya di Kacamatan Cigasong, Kabupatén Majalengka.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, masalah ieu panalungtikan dirumuskeun sakumaha ieu di handap:

- 1) Naon baé carita rayat anu aya di Kacamatan Cigasong, Kabupatén Majalengka?
- 2) Kumaha unsur intrinsik anu aya dina carita rayat Kacamatan Cigasong, Kabupatén Majalengka?
- 3) Kumaha klasifikasi carita rayat dumasar kana jenisna?
- 4) Carita rayat nu mana baé anu luyu pikeun bahan pangajaran di SMA téh?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Anu jadi tujuan dina ieu panalungtikan nya éta ngadéskripsikeun:

- 1) Carita rayat anu aya di Kacamatan Cigasong, Kabupatén Majalengka;
- 2) Unsur intrinsik carita rayat Kacamatan Cigasong, Kabupatén Majalengka;
- 3) Klasifikasi carita rayat dumasar kana jenisna; jeung
- 4) Bahan pangajaran carita rayat pikeun bahan pangajaran di SMA;

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Miara folklor anu aya di lingkungan masarakat sangkan teu leungit;
- 2) Pikeun nambahan matéri carita rayat anu aya di sakola;
- 3) Nambahan kabeungharan sastra Sunda; jeung
- 4) Pikeun ngawanohkeun deui carita rayat umumna keur nu nalungtik, hususna pikeun siswa.

1.5 Anggapan Dasar

Nurutkeun Surakhmad (1994:38) anggapan dasar téh nya éta *“yang menjadi segala tumpuan, segala pandangan dan kegiatan terhadap masalah yang dihadapi”*.

Anu dijadikeun anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Loba kénéh carita rayat Cigasong anu can kapaluruh;
- 2) Carita rayat miboga ajén pikeun eunteung masarakatna;
- 3) Carita rayat mangrupa salah sahiji sastra buhun anu kudu dipiara sangkan teu leungit;
- 4) Carita rayat bisa dijadikeun atikan anu luyu pikeun ditepikeun di SMA.

1.6 Raraga Téori

Raraga téori mangrupa tatapakan dina migawé hiji panalungtikan, tina masalah anu jadi udagan. Dina ieu panalungtikan, téori anu dipaké sumberna tina buku anu aya pakuat-pakaitna jeung ieu panalungtikan, di antarana baé tina buku 1) *Folklor*

Indonesia: Ilmu Gosip, Dongéng, dan Lain-lain; (2) Sastra Lisan Sunda: Mite, Fabel dan Legende; (3) Ulikan Sastra; (4) Kurikulum dan Pembelajaran; (5) Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar serta Panduan Penyusunan Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda; (6) Kamus Istilah Sastra; (7) Panyungsi Sastra; jeung (8) Kandaga Kasusastraan.

1.7 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

1.7.1 Populasi

Populasi anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta populasi wilayah. Anu dijadikeun sumber data dina ieu panalungtikan nya éta di wilayah-wilayah nu aya di Kacamatan Cigasong.

1.7.2 Sampel

Sampel dina ieu panalungtikan ngawengku 10 wilayah anu aya di Kacamatan Cigasong, nu ngawengku 1) Kelurahan Cicénang, (2) Kelurahan Cigasong, (3) Kelurahan Simpeureum, (4) Désa Ténjolayar, (5) Désa Tajur, (6) Désa Kawung Hilir, (7) Désa Kutamanggu, (8) Désa Karayunan, (9) Désa Baribis, jeung (10) Désa Batu Jaya.

Tina data di luhur, katitén yén Kacamatan Cigasong téh lega. Ku kituna, ieu panalungtikan carita rayat téh diwatesanan ti désa atawa kelurahan anu jadi sampel ieu panalungtikan, tuluy éta sakabéh carita rayat anu aya di Kacamatan

Cigasong téh dikumpulkeun. Sabada dikumpulkeun dianalisis hiji-hiji dumasar kana unsur intrinsikna.

Tina carita rayat nu geus aya, tuluy dipilih carita rayat anu luyu pikeun bahan pangajaran di SMA.

1.8 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

1.8.1 Méthode Panalungtikan

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan téh nya éta méthode déskriptif, anu dipaké pikeun ngadéskripsikeun carita rayat nu aya di Cigasong, anu satuluyna dipaluruh luyu henteuna ieu carita rayat dijadikeun bahan pangajaran di SMA.

Nurutkeun pamadegan Bést (1982:119), panalungtikan déskriptif téh nya éta méthode panalungtikan anu tujuanna pikeun ngagambarkeun jeung nyieun interprétasi objékna saayana.

Panalungtikan déskriptif téh dipaké pikeun ngagambarkeun unsur intrinsik, anu aya dina carita rayat Kacamatan Cigasong Kabupatén Majalengka, sangkan bisa kagambarkeun kalayan jéntré unsurna.

1.8.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi (rékaman).

1.9 Instrumén Panalungtikan

Instrumén atawa alat anu dipaké salila panalungtikan téh maké média alat tulis jeung kaméra digital, pikeun leuwih jéntré diébréhkeun sakumaha ieu dihandap.

1) Alat tulis

Alat tulis nya éta alat atawa pakakas anu dipaké pikeun nyieun aksara dina hiji média.

2) Kaméra digital

Kaméra digital nya éta pakakas pikeun ngarékam gambar, anu bisa nyimpen data nu mangrupa gambar dina ukuran digital. Kaméra digital kaasup téknologi digital (*digitalizer*), anu mampuh nyimpen *input data analog* nu mangrupa frékuénsi cahaya, tuluy dirobah kana wangun digital éléktronis (http://www.edukasi.smkn3jambi.sch./materi/kamera_foto_digital/index.html).

1.10 Sumber Data

Sumber data ieu panalungtikan téh ngawengku sababaraha sumber ti masarakat Kacamatan Cigasong, anu apal kana carita rayat di lemburna séwang-séwangan, upamana baé salaku aparatur désa, sesepuh, atawa jalma nu anu nyaho kana carita rayat, di daérahna séwang-séwangan.